Қарақалпақстан Республикасы
Мәлимлеме - китапхана орайы



# «Аллаяр бас болды қарақалпаққа»

*Қарақалпақ халқының уллы перзенти,*
*көрнекли мәмлекетлик ғайраткер ҳәм жәмийетлик*
*искер Аллаяр Досназаровтың биобиблиографиясы*

Нөкис – 2018

# *Кирисиў*

Ҳәр бир халықтың, миллеттиң атын дүньяға танытқан, мәрт азаматлары болады. Қарақалпақ халқының сондай мәрт азаматларының бири Аллаяр Қораз улы Досназаров болды. Тарийхшылар 1924 жылы Қарақалпақстан Автономиялық областы дүзилди, соның менен бирге қарақалпақлардың мәмлекетлиги тикленди деп жазады. Өйткени қарақалпақлардың мәмлекетлиги илгери заманларда Х әсирлерде пайда болған. Бирақ, түрли сиясий ўақыяларға байланыслы, айырым ўақытларда жойылып ҳәм тикленип турған. XIII әсирде Шыңғысханның шабыўылынан кейин қарақалпақлардың мәмлекетлиги жоқ етиледи, ал XV әсирде қайта тикленеди. XIX әсирдиң өзинде олардың мәмлекетлиги еки мәртебе жойылып, еки мәртебе тикленеди. Мәмлекетлигиниң жойылыўында да, тиклениўинде де халық қыйын шараятларды басынан өткерген.

Бизге тарийхтан XVI-XVII әсирлерде қарақалпақлардың ғәрезсизлиги ҳәм мәмлекетлигин қорғаў ушын аянбастан гүрес жүргизген қаҳарманлар Сасық бий, Мурат шайх, Маман бийлерди, XVIII әсирдиң ақыры XIX әсирдиң басларында халқының ғәрезсизлиги ҳәм мәмлекетлиги ушын жан берген Бегис ҳәм Мыржық (Миршах)ларды халқымыз ҳүрмет пенен тилге алады. Сондай-ақ, ғәрезсизлик ҳәм мәмлекетшилик ушын XIX әсирде Ерназар Алакөз, Ерназар Палўан, Алыўшы Қутлыбаевлар қаҳарманларша гүрес жүргизди.

1924-жылы Қарақалпақлардың өмиринде үлкен тарийхый ўақыя болып өтти, яғный Қарақалпақ Автономиялық областы шөлкемлестирилди. Сол 1924-жылы Қарақалпақ мәмлекетлиги қалай тикленди, Қарақалпақ Автономиялық областы қалай шөлкемлести, оны шөлкемлестириўшилер кимлер болды, бул тарийхый ўақыя туўралы изертлеўшилер Қ. Байниязовтың, Б. Алланиязовтың ҳәм академик Сабыр Камаловлардың мийнетлеринде толық айтылады. Совет властының орнаўының бириши күнинен баслап бөлимдеги ҳүкимет басына рус ҳәм басқа европалылардың ўәкиллери отырды. Олар 1917-1924-жыллар даўамында

қарақалпақ халқының миллий мәмлекетлигин тиклеў туўралы ҳеш қандай мәселе қозғамады. 1920-жылы апрель айында Хийўа ханлығы қулатылды ҳәм оның орнына Хорезм Совет Республикасы дүзилди. Сол жылдың орталарында Бухара әмирлигиниң орнына Бухара Халық Совет Республикасы орнады. Бул ўақыялар Қарақалпақстан халықларына күшли тәсирин тийгизди.

Жигирмаланшы әсирдиң жигирмаланшы жылларында тарийхый шараятларға ҳәм қарақалпақ миллетиниң узақ жылғы басынан кеширген қыйыншылықларынан кейин бир қатар зыялылар, елдиң батыр, ержүрек патриот перзентлери өсип жетилисти. Бир неше жыллардан берли өз миллий мәмлекетшилиги ушын гүресип киятырған қарақалпақ халқының арзыў әрманларын иске асырыў ушын оның ең әдиўли уллары – Аллаяр Досназаров, Әбиў Қудабаев, Өтенияз Бекимбетов, Ораз Ерманов, Ибрайым Бекимбетов, Кәримберди Садуллаев, Қасым Әўезов ҳәм басқалар үлкен хызмет етти. Бул дәўирге келип қарақалпақ халқы усындай перзенлерин тәрбиялап өсирген еди. Булардың ишинде халқымыз ушын өмириниң ақырына шекем жанын аямастан хызмет еткен, мәрт азамат Аллаяр Досназаровты айрықша атап өтиў орынлы.

ХХСР орайлық атқарыў комитетиниң екинши сессиясы 1924-жыл апрель айында миллий мәселе бойынша арнаўлы қарар қабыл етип, өз қурамында Қазақ-Қарақалпақ автономиялы ўәлаятын дүзиўге уйғарды, яғный 1924-жыл апрель айында Хорезм Республикасы орайлық атқарыў комитетиниң IV сессиясы пайтахты Хожели қаласы болған Қазақ-Қарақалпақ автономиялы ўәлаятын дүзиў ҳаққында қарар қабыл етти. Оның қурамында төрт болыслық – Хожели, Гөнебазар, Жаңақала ҳәм Қоңырат болыслықлары және еки қала – Хожели, Қоңырат кирди. Олар өз ишине 90 ақсақаллар кеңеслерин қамтыды. Қазақ-Қарақалпақ автономиялы ўәлаятында 43778 қарақалпақ жасады.

Хорезм Республикасының қурамында Қазақ-Қарақалпақ автономиялы ўәлаятының дүзилиўи қарақалпақ халқының бирден-бир миллий мәмлекет болып тиклениўиниң ең әҳмийетли басқышларының бири болғаны ҳаққындағы ҳақыйқатлықты атап көрсетиў керек. Бул қарақалпақ халқының өз мәмлекетшилигин тиклеў сыяқлы қыйын, қайғы-ҳәсиретли, ал гейде апатлы

процессиниң басланыўы болды. Ҳақыйқатында да Аллаяр Досназаров, Ибрайым Бекимбетов, Өтенияз Бекимбетовларға усаған азаматлардың оғада үлкен күш салыўларының нәтийжесинде большевиклик орай Әмиўдәрья бөлиминде қарақалпақлардың миллий мәмлекетшилигин тиклеў мәселесине дыққат аўдарыўға мәжбүр болды.

Солай етип, қарақалпақлардың мәмлекетлигиниң XX әсирде қайта тиклениўиниң қаҳарманы ержүрек батыр, қарақалпақ халқының даңқлы перзенти Аллаяр Досназаров болды. Аллаяр Досназаров Орта Азия Республикаларында миллий мәмлекетлик шегараларды белгилеў дәўиринде өзиниң үлкен шөлкемлестириўшилик уқыбы, шешенлик таланты менен кеңнен танылды.

Қарақалпақ халқының жигербент перзенти – Аллаяр Қораз улы Досназаров бабамыздың машақатлы өмир жолы, аўыр тәғдири ҳаққында бүгинги күнге шекем биз аз билетуғын едик. Ғәрезсизликтиң шарапаты менен бабамыздың ел-халық алдындағы хызметлери көпшиликке кеңнен таныла баслады. Өзбекстан Республикасының Биринши Президенти И. Ә. Кәримов Ерназар Алакөз бенен бирге А. Досназаровты қарақалпақ халқының «әдиллик ҳәм теңлик, азатлық ҳәм еркинлик ушын гүрескен дәўжүрекли қаҳарман перзентлериниң бири» деп баҳалаған еди.

Биз қарақалпақ халқының даңқлы перзенти Аллаяр Досназаров ҳаққында усы биобиблиографияны жазып отырмыз.

## *Аллаяр Досназаровтың өмири ҳәм халық ушын ислеген хызметлери*

1924-жылы Қарақалпақ Автономиялық областының шөлкемлестирилиўинде халық ушын аянбай хызмет ислеп қаҳарманға айналған пидайы инсан, қарақалпақ халқының даңқлы перзенти, атақлы мәмлекетлик ғайраткер Аллаяр Қораз улы Досназаров 1896-жылы Әмиўдәрья бөлими Шымбай уездиниң «Көк өзек» волостына қараслы Тербенбес деген жерде (Ҳәзирги Қараөзек районының Қарабуға

аўылында) гедей дийхан шаңарағында дүньяға келди. Оның балалық ҳәм жаслық жыллары Қарабуға аўылында (ҳәзирги Қараөзек районының Аллаяр Досназаров атындағы фермер хожалығынында) өтеди. Аллаяр Досназаров тоғыз жасынан киси есигинде күнликши болып ислеп, турмыстың барлық әдалатсыз аўырманлықларын өз басынан кеширген. Бул жағдай келешекте оның саналы гүресшең болып қәлиплесиўине унамлы тәсирин тийгизеди. 1913-1918 – жылларда өз аўылында шопан, кейин Хийўа қаласындағы «Ярослав» пахта тазалаў заводында, Төрткүл, Ташаўыз пахта тазалаў заводларында жалланба рабочий болып  ислеген. Биринши империалистлик урыс жылларында мәрдикар болып рус рабочийларының арасында жумыс ислеген.  1918 – 1921- жылларда Қызыл Армия қатарында хызмет еткен ҳәм Хорезм Халық Республикасында қадағалаў комитетиниң председатели, 1921-1923- жылларда Москвада Шығыс  коммунистлик Университети студенти, 1923-1924- жылларда Шымбай уездлик партия комитетинде агитация ҳәм пропаганда бөлиминиң баслығы және Әмиўдәрья обкомы қадағалаў комитетиниң баслығы болған. Кейин Қоңырат районлық партия комитетиниң жуўаплы секретары болып ислеген. 1926-1930-жылларда Москвадағы Жоқары партия университети КВТД студенти. Аллаяр Досназаров 1930-жылы Башқурт АССР ында Совет аппаратын тазалаў бойынша комисссиясының баслығы болып сайланды. 1931-1935-жылларда Москвадағы «Металлстрой» тресте басқарыўшысының орынбасары, кейин «Металлист» заводының директоры лаўазымында иследи.

Аллаяр Досназаров Орта Азия Республикаларында миллий мәмлекетлик шегараларды белгилеў дәўиринде өзиниң үлкен шөлкемлестириўшилик уқыбы, шешенлик таланты менен кеңнен танылды. Ол 1924-жылы август айында дем алысқа шыққаннан кейин ҳаялы менен Ташкент қаласына санаторияға барады. Ол жерде РКП(б)ның Орта Азия бюросында миллий шегараланыў мәселесиниң қаралып атырғанын көреди. Күн тәртибинде Өзбекстан ҳәм Түркменстан Республикаларын, Тәжикстан ҳәм Қырғызстан Автономиялық областьларын дүзиў мәселелери турған, бирақ Қарақалпақстан туўралы гәп те, сөз де болмаған. Усы жағдайды билгеннен соң Аллаяр Досназаров Орта Азия бросынан қарақалпақларға да автономия бериў мәселесиниң қаралыўын талап етеди. Қарақалпақлардың да

бурын мәмлекети болғанлығын дәлиллейди. Бирақ Орта Азия бюросы оның бул өтинишин қабыл етпейди. Буннан кейин ол сол дөгеректеги қарақалпақларды жыйнап Орта Азия бюросының турған жайының қасында митинг шөлкемлестиреди. Митингте ол шығып сөйлеп, қарақалпақларға атономия бериўди талап етеди. Ол буның менен турмастан қай жерде митинг болса сол жерде шығып сөйлеп қарақалпақларға автономия бериўди талап еткен. Буннан кейин Орта Азия бюросы Әмиўдәрья бөлимине телеграмма жибереди. Көп узамай Орта Азия бюросына Әмиўдәрья областьлық партия комитетинен «Қарақалпақстанға автономия бериў мәселесин қараңыз, усы мәселе бойынша А. Досназаровты ўәкил етип белгиледик» деген телеграмма келеди. Енди ол Орта Азия бюросының мәжилисине қатнасыўға ҳәм онда мәселе қойыўына толық ҳуқықлы болады. Өзиниң қойған мәселелериниң толық орынланыўын қатты талап ететуғын болады.

Аллаяр Досназаров партияның Орта Азия бюросына қарақалпақларға автономия бериўдиң зәрүрлигин дәлиллеп жазған хат баянлама береди. Онда мынадай деген: - Әмиўдәрья ўәлаятында алты жыл даўамында совет партия шөлкеми ҳәрекет етип тур. Биринши гезекте мен мына нәрсени атап өтким келеди, усы дәўир ишинде Әмиўдәрья ўәлаятының қарақалпақлары арасында мәдений-ағартыў жумыслары күтә төмен, жеткиликсиз дәрежеде алып барылды. Әмиўдәрья ўәлаяты, әсиресе ондағы қарақалпақ халқы жоқарыда атап өткен жыллары өзиниң ҳақыйқый ҳуқықына ийе бола алмады. Қарақалпақ халқы Орта Азия халықлары арасындағы ең көп езилип келген миллет болып, жарлыланып қалған. Жоқарыда айтып өткен совет жылларында жергиликли қарақалпақ миллетинен хызметкерлер жоқ есабында. Түркстан Республикасы усының ҳәммесине усы ўақытқа шекем жетерли дыққат аўдармай келди. Усының салдарынан Әмиўдәрья ўәлаяты, оның қарақалпақ халқы қоңсы халықларға салыстырғанда бурынғы езилиўи ҳәм артта қалыўы менен киятыр. Жоқарыда айтқанларды есапқа алып, Орта Азия бюросынан Әмиўдәрья ўәлаяты ҳәм әиресе оның жергиликли қарақалпақ халқы арасында төмендеги илажларды ислеўди соранаман – деп бир қанша қаралатуғын мәселелерди келтирип өтеди.

1924-жылдың 16-августында Орта Азияда миллий мәмлекетлик шегараланыўды өткериў бойынша комиссиясының мәжилиси болды. Онда А. Досназаровтың РКП(б) Орайлық комитетиниң Орта Азия бюросына жазған жоқарыда айтылған хатын додалайды. Усы мәжилисте қарақалпақ халқының миллий мәмлекетлик шегараланыўы менен шуғылланатуғын киши комиссияны (подкомиссия) дүзиў туўралы қарар қабыл етиледи. Комиссияның қурамы бес адамнан ибарат болады. Аллаяр Досназаров Әмиўдәрья ўәлаяты партия комитетиниң қадағалаў комиссиясының баслығы болып бекитиледи. Комиссияның буннан басқа бир неше ағзалары Аллаяр Досназаровтың басшылығында қызғын жумыс алып барды. 1924-жылы 9-августта Ташкент қаласында Ф. Калугинниң басшылығында А. Досназаровтың секретарьлығы менен қарақалпақлар мәселеси бойынша шуғылланатуғын комиссияның биринши шөлкемлестириў мәжилиси болып өтти. Бунда А. Досназаровқа дүзилетуғын Қарақалпақ Автоном Ўәлаятының территориялық картасын ҳәм шегарасын белгилеп, ислеп шығып таярлаў тапсырылады. Комиссия А. Досназаровтың басшылығында усы тапсырмаларды орынлаў ушын күни-түни көп тынымсыз жумыслар алып барады. Автономиялы ўәлаят болыў ушын оны дәлиллеўши тыянақлы, исенимли, тарийхый жақтан дәлилленген, архивлик материаллар менен тастыйықланатуғын ҳүжжетли фактлер керек еди. Мине сол ҳүжжетлер А. Досназаров ҳәм оның дослары тәрепинен жүдә қысқа ўақыттың ишинде таярланылды.

1924-жылы 6-сентябрьде Орта Азия бюросының территориялық комиссиясының мәжилисинде сөйлеген сөзинде Аллаяр Досназаров «Қарақалпақлар Автономия алыўы керек, себеби олар бар, ҳәзир жасап атыр. Ал енди, шегараланыў жағдайы олардың ҳуқықларын тағы да кеңейтеди. Қарақалпақларға Автономия қуда жолына берилмейди, ол интернационаллық жол арқалы бериледи. Егер де усы жерде басқаша көзқарас үстем болып шықса, Қарақалпақлар тап Коминтернге шекем шағым етеди. Себеби, бизлер өз мәплеримиз, талапларымыз қорғалады ҳәм Автономия болады, деп исенемиз» деген.

1924-жылы 25-сентябрьде Әмиўдәрья областының Атқарыў комитетиниң қарары бойынша Аллаяр Досназаров, Ибрайым Бекимбетов ҳәм Ораз Ермановлар қарақалпақ ўәкиллери сыпатында қарақалпақ миллетине Автономия алыў мақсетинде Москва қаласына командировкаға жибериледи. Олар 1924-жылы 27-сентябрьде Оренбург қаласында Киргизкомның (Қазақстан АССРының) мәжилисине қатнасады. Мәжилистиң күн тәртибинде қарақалпақ халқының ўәкиллериниң Автономия алыў ҳаққындағы арзасы тыңланады. Бул мәселе бойынша Аллаяр Досназаров, Ибрайым Бекимбетовлар шығып сөйлеп Қазақстанда ҳәм Хорезм Халық Республикасында жасап атырған қарақалпақлардың жерлери менен Қарақалпақ Атономиялы областьқа қосыўға жәрдем бериўин өтиниш етеди. Қараалпақлардың ўәкиллери Қазақстан АССРының басшылары бир қатар Автономия болыў ушын керекли мәселелерди келисип алғаннан кейин 1924-жылы 29-сентябрьде Москва қаласына жөнеп кетеди. 1924-жылы 11-октябрьде ВКП(б) Орайлық Комитетиниң сиясий бюросы Әмиўдәрья областының Шорахан уездин Қарақалпақстан Автономиялық областына қосыў керек, өйткени бул жерлер экономикалық ҳәм турмыс жақларынан бир-бири менен тығыз байланыслы деген қарар қабыл етти. 1924-жылдың 14-октябринде Пүткил Россиялық Орайлық Комитетиниң екинши сессиясында миллий шегараланыў мәселесиниң жуўмақлары қаралғанда Аллаяр Досназаров шығып сөйлеп, Қарақалпақстан Автономиялық областын дүзиўди өтиниш етеди. Нәтийжеде 1924-жылыдың 27- октябинде РКП(б) Орайлық Комитети менен Пүткил Россиялық Орайлық Атқарыў Комитети қарақалпақ халқының бул тилегин қабыл етти. Нәтийжеде Түркстан Республикасының Әмиўдәрья областында, Хорезм областының территориясында жасаўшы қарақалпақлар бир административлик сиясий орайға бириктириледи. Демек, Қарақалпақстан Автономиялық областы пайда болады, яғный қарақалпақ халқының мәмлекетлиги қайта тикленеди. Усы тарийхый ўақыяның иске асыўында Аллаяр Досназаровтың роли айрықша болған деген жуўмаққа келемиз.

Аллаяр Досназаров 1924-1926-жылларға шекем РКП(б)ның Қарақалпақстан обкомының шөлкемлестириў бюросының жуўаплы секретары ҳәм областьлық қызыл милиция бөлиминиң сиясий комиссары, 1926-1930-жылларда САКУ ҳәм

Свердлов атындағы коммунистлик университетиниң студенти, 1930-1931-жылларда Башқуртстан АССРының рабочий – дийхан инспекциясы Халық Комиссариатында совет аппаратын тазалаў бойынша комиссиясының председатели, 1931-1935-жылларда Москва қаласындағы «Металлопресс» артели басқармасы басқарыўшысының орынбасары, «Металлист» заводының директоры болып ислеген. 1935-жылдың 25- январында жала-дөҳмет пенен А. К. Досназаров репрессияға ушырады, кейин 1937-жылы ең аўыр жазаға тартылды. Гүнасыз Аллаяр Досназаров 1967-жылы 27- сентябрьде ақланды.

1990-жылы 14-15-сентябрь күнлери болып өткен он екинши шақырық Қарақалпақстан Республикасының гезектеги сессиясында Қарақалпақстан Республикасының мәмлекетлик суверенитети ҳаққында декларация қабыл етилди. Усы мәселеге арналған митинглерде шығып сөйлеген дилўарлар менен декларацияны додалаўға қатнасқан депутатлар өзлериниң сөзлеринде нызамлы түрде көрнекли мәмлекетлик ғайраткер Аллаяр Досназаровтың қарақалпақ халқы ушын ислеген ерлик хызметлерин бир неше мәртебе мақтаныш пенен еске түсирди. Себеби Аллаяр Досназаров халқымыздың тарийхында биринши болып қарақалпақларды бир сиясий административлик орайға жәмлестирип, суверенли Республика дүзиў идеясын көтерип шыққан ағасы еди. Халқының бахты ушын жанын аямастан хызмет қылған қаҳарманы Аллаяр Досназаровты Қарақалпақстан халқы мәңгиге ядында сақлайды ҳәм мудамы оның менен мақтанса арзыйды.

Қарақалпақ халқының уллы перзенти, жәмийетлик искер, ҳақ нийетли ҳәм озық ойлы инсан Аллаяр Досназаровтың туўылғанына усы жылы 122 жыл толады. Аллаяр Досназаров халқымыздың ядында мәңги сақланып қалады.

# «Халқым, мен сизлерге «СТАН» әпердим!»

*Қарақалпақ халқының уллы перзенти, батыры, даңқлы мәмлекетлик ғайраткери Аллаяр Досназаров 1924 – жылы Қарақалпақ автономиялы областының дүзилгенине байланыслы Шымбай халқына ўаз айтқанда шешенниң мүбәрек зибанына «Халқым, мен сизлерге «Стан әпердим!» деген усы теберик сөзлер басылған екен.*

«Туўдым жолбарыслар жасаған жерде,
Бул жердиң көксинде сирескен зер де,
Қолларым жылаўда таңылып ерге,
Қырман бөлисинде ығбал әпердим!

Ат шаптым замана шаңын суўырып,
Атым зорыққанда жаяў жуўырып,
Жанымды қуўырмаш етип қуўырып,
Жүрекке соңы жоқ әрман әпердим!

Бар дәрья-теңизи, тоғайы таўы,
Ели байдың ҳәр ўақ көп болар жаўы,
Ең аўыр шешилмес даў – жердиң даўы,
Дос азлаў…мәгар, көп душпан әпердим!

Топ жарып өзимди ҳәряна урдым,
Ақыл жарысында ойынлар қурдым,
Турысар жайларда тайсалмай турдым,
Жүйрик зибаныма қақпан әпердим!

«Жаңылмас жақ болмас, - сүринбес туяқ»
Өмирди жоқ етер дөҳмет сөз-қыяқ,
Кеўил тәрезимде ояғыў – буяқ,
Ҳәм шады - қуррам, ҳәм афған әпердим!

Кирпиклер қанындай қорығышлар көзди,
Жаным-тәним елиң соныңдай сезди,
«Қарақалпақ!» деген муқәддес сөзди,
Барлық сөзлерден де бәлент көтердим!

Ғаз-қуўға, көл, мәртке мәнзилиў мәскан,
Кийик-қуланға шөл, бүлбилге бостан,
Бүркитке журт енши таў менен тастан,
Еркин ушатуғын аспан әпердим!

Ойын-қырын шарлап жақын-жырақтың,
Майы боп келешек деген шырақтың,
Қәдирин билиң бул Уллы Топырақтың,
Халқым, мен Сизлерге «СТАН» әпердим!...»

**Халила Дәўлетназаров**
*(Еркин Қарақалпақстан газетасы, 1996 жыл, 8 август санынан)*

## *Аллаяр Досназаровтың өмири ҳәм шөлкемлестириўшилик хызметлериниң тийкарғы сәнелери*

**1896 - жылы** Әмиўдәрья бөлими Шымбай уездиниң «Көк өзек» волостына қараслы Тербенбес деген жерде (Ҳәзирги Қараөзек районының Қарабуға аўылында) гедей дийхан шаңарағында дүньяға келди.

**1918 – 1921- жылларда** Қызыл Армия қатарында хызмет еткен.

**1921-1923-жылларда** Москвада Шығыс коммунистлик Университети студенти, Қоңырат районлық партия комитетиниң жуўаплы секретары, Шымбай уезди партия комитетиниң үгит-нәсият бөлиминиң баслығы болып ислеген.

**1924-жыл** апрель-август айларында Әмиўдәрья областьлық комитетиниң қадағалаў комиссиясының баслығы ўазыйпасын атқарған.

**1924-жылы** Аллаяр Досназаровтың ислеген көп мийнетлериниң арқасында Қарақалпақ Автономиялық областы шөлкемлестирилди.

**1924-1925-жылларда** Қарақалпақстан обкомының автономиялы областьлық шөлкемлестириў комиссиясының баслығы, Қарақалпақстан автономиялы ўәлаяты шөлкемлестириў бюросының жуўаплы секретары.

**1925-жылдың** апрелинен баслап Қарақалпақстан қызыл милициясының сиясий комиссары болып ислеген.

**1926-1930-жылларда** Москвадағы Жоқары партия университети КВТД студенти.

**1930-жылы** Башқурт АССР ында Совет аппаратын тазалаў бойынша комисссиясының баслығы болып сайланды.

**1931-1935**-жылларда Москвадағы «Металлострой» тресті басқарыўшысының орынбасары, кейин «Металлист» заводының директоры лаўазымында иследи.

**1935-жылдың** 25-январында жала-дөҳмет пенен А. К. Досназаров репрессияға ушырады.

**1937-жылы** 8-декабрьде А.К. Досназаровқа жала-дөҳмет пенен шығарылған жаза ҳүкими орынланды.

**1968-жылы** 27- сентябрьде А. К Досназаров ақланды.

## *Аллаяр Досназаров ҳаққындағы әдебиятлардың дизими*


**1.** Абатов А. Ел ағасы болыўда аңсат емес: [Аллаяр Досназаров ҳаққында] // Қарақалпақстан жаслары. - 2005. - 8 дек.

**2.**Алланиязова Н. Бабамыз Аллаяр Досназаровтың мәртликлери // Қарақал - пақстан жаслары. - 2004. - 8 май.

**3.** Алланиязов Б. Аллаяр Досназаровтың ақланыўы: [Аллаяр Досназаров 100 жыллығы алдынан] // Қарақалпақстан жаслары. - 1996. - 17 окт.

**4.** Алланиязов Б. Елим, деген ер еди: [Аллаяр Досназаров ҳаққында] 31-август – Репрессия қурбанларын еслеў куни // Қарақалпақстан жаслары.-2001. - 23 авг.

**5.** Алланиязов Б. Аллаяр Досназаров қарақалпақ халқын миллет есабында белгилеў жолында: [А. Досназаровтың туўылғанына 100 жыл] // Қарақалпақстан жаслары. - 1996. - 19 дек.

**6.** Алланиязов Б. Аллаяр бас болды Қарақалпаққа. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1996.-152 б.

**7.** Алланиязов Б. Аллаяр Досназаровтың қамалыўы: Тарийх тилге киргенде // Нөкис ҳақыйқаты. - 1996. - 21 сент.

**8.** Алланиязов Б. Қарақалпақ халқының даңқлы перзенти: [Аллаяр Досна - заров 1896 -1937] // Әмиўдәрья. - № 8. - Б. 46 - 52.

**9.** Алланиязов Б. Қарақалпақ халқының Автономия алыўда Аллаяр Досназаровтың хызмети // Еркин Қарақалпақстан. - 1996. - 7 нояб.

**10.** Алланиязов Б. Қарақалпақстанда 30-жыллардағы сиясий репрессия: [А. Досназаров, Қ. Әўезов, Ж. Қурбановлар ҳаққында] // Қарақалпақстан жаслары. - 1998. - 22 окт.

**11.** Алланиязов Б. Халық перзентине қарсы басланған ҳәрекетлер // Қарақалпақстан жаслары. - 1996. - 3 окт.

**12.** Алланиязов Б. Аллаяр Досназаров ҳаққында излениўлер ҳәм еске тусириўлер // Әмиўдәрья. - 2017. - № 4. - Б. 95 - 104.

**13.** Аллаяр Досназаров ҳәм Қарақалпақстан: [Белгили мәмлекетлик искер Аллаяр Досназаровтың туўылғанына 100 жыл // Еркин Қарақалпақстан.-1996. - 28 дек.

**14.** Бабамыздың исми мәңги ядымызда: [Аллаяр Досназаровтың туўылғаны- на 100 жыл] // Қарақалпақстан ҳаўазы. - 1997. - 11 янв.

**15.** Байниязов Қ. Аллаяр Досназаровтың берген кепил қағазы: [Аллаяр Досназаровтың туўылғанына 100 жыл] // Еркин Қарақалпақстан. - 1996. - 19 нояб.

**16.** Байниязов Қ. Аллаяр Досназаров: Илимий биографик очерк. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1987. - 80 б.

**17.** Байниязов Қ. Аты әпсанаға айланған адам: [Аллаяр Досназаровтың туўылғанына 100 толыўы алдынан] // Еркин Қарақалпақстан. - 1996. - 30 май; 1 июль; 4 июль.

**18.** Байниязов К. Қарақалпақ әдебиятында Аллаяр Досназаров образы // Еркин Қарақалпақстан. - 2006. - 29 июнь.

**19.** Байниязов Қ. Досназаровтың аты - Аллаяр // Жас Ленинши.-1991.-9 апр.

**20.** Байниязов Қ. Ҳәммеңизди күтә сағындым: [Аллаяр Досназаровтың сәлем хаты ҳәм оған түсиник сөзлер] // Совет Қарақалпақстаны. - 1988. - 14 июль.

**21.** Даўлетназаров Х. Туўылған халқына Аллаяр болды: [Өзб.Респ. ИА. Қарақалпақстан бөлиминиң тарийх, археология, этнография институты жәмәәти тәрепинен шөлкемлестирилген республикалық илимий конференция болып өтти] // Еркин Қарақалпақстан. - 2006. - 27 июнь.

**22.** Досназаров узақ тарийх, әпсана…: [Аллаяр Досназаровтың туўылғанына 100 жыл] // Қарақалпақстан жаслары. - 1996. - 19 дек.

**23.** Есқазиев Н. Уллы тулғалар дослығы: [Аллаяр Досназаров 100 жаста] // Еркин Қарақалпақстан. - 1996. - 28 дек.

**24.** Ещанов Г. Елим ел болсын деп едим: [Аллаяр Досназаровтың туўылға - нына 100 толыў алдынан] // Нөкис ҳақыйқаты. - 1996. - 2 окт.

**25.** Исмайлов О. Елимниң келешеги деп…: [Аллаяр Досназаровтың туўылға - нына 100 толыў алдынан] // Еркин Қарақалпақстан. -1996. -16 нояб.

**26.** Камалов С. Аллаяр Досназаровтың Қарақалпақ мәмлекетин тиклеўдеги хызмети // Еркин Қарақалпақстан. - 2006. - 28 сент.

**27.** Камалов С. Аллаяр Досназаровтың Қарақалпақ Қарақалпақ мәмлекетин тиклеўдеги роли // Еркин Қарақалпақстан. - 2006. - 12 авг.

**28.** «Қара буға» аўылындағы байрам: [Аллаяр Досназаров 100 жаста] // Қарақалпақстан ҳаўазы. - 1997. - 18 янв.

**29.** Қощанов Б. Аллаяр Досназаров «Миллетшил» ме еди? // Арал. - 1993. - № 1.- Б. 32 - 35.

**30.** Муратов П. Аллаяр Досназаров ҳәм мәдений қурылыстың раўажланыўы // Өзбекистан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлиминиң хабаршысы. - 1992. - № 2. - Б. 137 - 140.

**31.** Рзаев А. Бир уўыс топырақ Аллаяр Досназаровтың бийгүна қаны төгилген жерден алып келинип оның туўысқанларына тапсырылды // Еркин Қарақалпақстан. - 1992. - 25 янв.

**32.** Сәтбаев О. Көрнекли ғайраткерге арналған кеше // Қарақалпақстан жаслары. - 1996. - 24 сент.

**33.** Сахиев Д. Республика кооперациясы шөлкемлесиўиниң сағасында болды: [Аллаяр Досназаров 100 жаста] // Еркин Қарақалпақстан. -1996. - 28 дек.

**34.** Султанов А. Аллаяр Досназаров қалай ақланды: [31 - август Репрессия қурбанларын еслеў куни] // Еркин Қарақалпақстан. - 2001. - 16 авг.

**35.** Султанов А. Аллаяр Досназаров қалай қамалды: [Аллаяр Досназаровтың туўылғанына 110 жыл] // Еркин Қарақалпақстан. - 2006. - 27 июль.

**36.** Султанов А. Қарақалпақ халқының жигербент перзенти: [Аллаяр Досна-заровтың туўылғанына 120 жыл] // Еркин Қарақалпақстан. - 2016.-29 дек.

**37.** Султанов А. Елим деген ер еди: [Аллаяр Досназаровтың туўылғанына 100 толыў алдынан] // Қарақалпақстан жаслары.- 1995. - 5 сент.

**38.** Султанов А. Қарақалпақ ел болсын деп…: [Аллаяр Досназаров ҳаққында] // Қарақалпақстан жаслары. - 2006. - 13 июль.

**39.** Султан А. Перзент: [«Дөхмет» кино романнан үзинди] // Мәдeният ҳәм спорт. - 2006. - 30 сент.

**40.** Султанов А. Дөхмет: [ҳужжетли кино романнан үзинди] // Қарақалпақстан жаслары. - 1996. - 20 июнь.

**41.** Султанов А. Дөхмет: [кино романнан үзинди] // Еркин Қарақалпақстан . - 1996. - 15 авг.

**42.** Тилеўов Г. Елдиң даңқлы перзенти хүрметине: [Аллаяр Досназаровтың 100 жыллық мерекесине салтанатлы жыйналыс болды] // Еркин Қарақалпақстан. - 1997. - 1 янв.

**43.** Тилобов Г. Яхши одам ёддан чиқмас: [Давлат ва жамаот арбоби О. Досназаров 100 ёшда] // Амиў тонги. - 1997. - 10 янв.

**44.** Турекеева А. Аллаярдың ҳаўазы қайта жаңғырды…: [Аллаяр Досназа -ров ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 2001. - 15 сент.

**45.** Турдымуратова З. Ел перзенти: [Аллаяр Досназаровтың туўылғанына 100 жыл] // Нөкис ҳақыйқаты. -1997. - 14 янв.

**46.** Хамидов Х. Аллаяр Досназаров ҳаққында жаңа жазба дереклер // Еркин Қарақалпақстан.-2006.-3 окт.

**47.** Хамийдий Х. Аллаяр Досназаровтың қол жазбасы: Жаңа дереклер // Еркин Қарақалпақстан. - 1993. -13 нояб.

**48.** Халмуратов А. Аллаяр Досназаров – биринши! Журналистлер Қарақалпақстанда XX әсирдиң көрнекли 5 тулғасын анықлады [Солардан А. Досназаров, М. Нурмухамедов, И. Юсупов, Қ. Камалов ҳәм Т. Қайыпбергеновлар] // Еркин Қарақалпақстан.-2001.-1 янв.

**49.** ХудайбергеновТ. Өзимизди өзимиз қәдирлейик [Аллаяр Досназаровтың естелиги жөнинде пикир] // Еркин Қарақалпақстан. - 2007. - 22 дек.

**50.** Юсупов О. «Еркин Қарақалпақстан» газетасы жылнамасынан: [А. Досназаров, Қ. Әўезов, О. Ермановлар ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан.-1991.-13 нояб.

**51.** Алланиязов Б. Революцией мобилизованный: [Жизнь деятельность А.К. Досназарова]. - Нукус: Каракалпакстан, 1991. - 100 с.

**52.** Султанов А. Один из тысяч [К 100 летию со дня рождения А. Досназаров] // Вести Каракалпакстана. -1996. - 2 июня.

## *Аллаяр Досназаров шайырлар тилинде*

**53.** Зияўов С. Арысланы аласапыран заманның: [Аллаяр Досназаровқа қосық] // Еркин Қарақалпақстан. - 1996. - 28 дек.

**54.** Даўлетназаров Х. «Халқым мен сизлерге «СТАН» әпердим!: [қосық] // Еркин Қарақалпақстан. -1996. - 8 авг.

**55.** Ешмуратов Д. Аллаяр ата: [Аллаяр Досназаровқа қосық] // Еркин Қарақалпақстан. - 1996. - 28 дек.

**56.** Жаббарбергенов Р. Әўладлар ардақлап еслейди сени: [Аллаяр Досназаровтың естелигине қосық] // Әмиўдәрья. - 1995. - № 7 - 9. - Б. 34 - 35.

**57.** Қошымбетов Қ. Даңқлы бабамсаң: [Аллаяр Досназаровқа қосық] // Еркин Қарақалпақстан. - 1996. - 28 дек.

**Дүзиўшилер:**
**Мағлыўмат библиография бөлими баслығы: Г. Аббазова**

**Мағлыўмат библиография бөлими**
**бас китапханашысы: Г. Тажимуратова**